ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№125 (23.033) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 30, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

БлэкIа мазихым ялэжьахэр къапщытэж

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий мэкъуауэгъуэм и 29-м иригъэкIуэкIащ КЪБР-м и Правительствэм 2015 гъэм и ялэ мазихым илэжьахэр къыщапщытэжа зэпэщIэ. Ар къыщыззIуихым Iэтащхьэм жиIащ ди къэралыр иджыпсту зэрыт щытыкIэм дэри гугъуехь къызэрытхуихьар, ауэ абы емылъытауэ зэдгъэхъулIахэри зэрымымащIэр, дяпэкIэ зэлэжьыпхъэхэри гъунэжу зэрыщыIэр.

ЯПЭУ псалъэ зратар КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алийд**. Ар тепсэлъыхьащ къызэдэкIа пIалъэм къриубыдэу республикэм и гъэзэщIакIуэ властыр зиужь итахэм. Псом нэхъапэу абы къыхигъэщащ Правительствэр къэрал Iэхъу зехьэкIэм и мардэхэм изагъэу зэрылэжьаи къыдэкIуэу, нэхъыщхьэу тегъэщIапIэ ищIар УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэмрэ КЪБР-м и Iэтащхьэм КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгуаехэр гъэзэщIэныкъэ зэрыларр. Абы къыдэкIуэу республикэм и зыужьныгъэр къэрал программэу 41-м, зыуэ щыт федеральнэ программэу 52-м ялъэ ипкIэ къызэрызэрагъэпэщыр дыщIигъуащ. Статистикэ и лъэныкъуэкIэ 2015 гъэм и ялэ илъэс ныкъуэм тещIыхьаехэр иджыри хьэзыр хъуакъым, ауэ мазитху лэжьыгъэм зэфIахар бжыгъэхэмкIэ къигъэлъэгуащ Мусуковым.

УнэтIыныгъэ къэс щхьэхуэу блэкIа илъэс ныкъуэм зрагъэхъулIахэмрэ яхуэзфIэмыкIыу къэнахэмрэ, дяпэкIэ гу зылъытапхъэхэмрэ дэIэпыкъуэгъу щыхуэнакъуэ Iэнатlэхэмрэ зэпхъыхуэу къыгтеувыIащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ялэ къуэдзэхэу **Альтуд Юрийрэ Литовченкэ Татьянэрэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхъухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Дадэ МуIэед**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЪБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Шэт Ирмэ сымэ.

ЗэIущIэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ КЪБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхъухэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэт интернат Iэхъущ1апIэхэм я щIэнэкIэ-лэжьэкIэм. Абы теухуауэ къэпсэлъащ министр **Емуз Нинэ**.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкIэльыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Къулыкъухэр

Прокурорхэр ягъэув

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм псым мэкъуауэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа унафэ №1173-к-мкIэ 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ илъэситху пIалъэкIэ Шэрдэж щыIалъэм и прокурору ягъэуващ юстицэм и чэнджэщэгъу **ХьэхъупащIэ Тимур Хьэжмурат и къуэр**.

ХьэхъупащIэ Тимур Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм 1981 гъэм къыщалъхуащ. Урысей Федерацэм и Президентым деж Къэрал къулыкъумкIэ щыIэ Кавказ Ищхьэрэ академиер къыщиуха 2003 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и Iэхъухэм я щIэныгъэ щIэщидзащ. Прохладнэ къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуэ, а прокуратурэм и следователэу, Налшык къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу, Майэ щыIалъэм и прокурорым и къуэдзэу лэжьащ.

Унагъуэщ, бынитI иIэщ.

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа унафэ №1173-к-мкIэ 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ илъэситху пIалъэкIэ Шэрдэж щыIалъэм и прокурору ягъэуващ юстицэм и чэнджэщэгъу **Красножён Георгий Александр и къуэр**.

Красножён Георгий 1982 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. ПравэмкIэ Саратов къэрал академиер къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и Iэнатlэхэм лэжьэн щыщIидзащ. Прохладнэ къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу, а прокуратурэм и следователэу, Налшык къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу, Майэ щыIалъэм и прокурорым и къуэдзэу лэжьащ.

Унагъуэщ, къуэ иIэщ.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Бадзэуэгъуэм и 5-м траухуэ

Алыджым и Парламентым унафэ къыщIащ бадзэуэгъуэм и 5-м я къэралым референдум щегъэкIуэкIыным теухуауэ.

Абы папщIэ Iэ яIэтащ депутатхэм я нэхъыбапIэм. Европэ зэгухьэныгъэм, Дунейпсо валютэ фондым, Европэ банк нэхъыщхьэм Алыджым и финанс политикэм хуэгъэзауэ къагъэувхэм арэзы техьуэнрэ темыжъуэнрэ щыхэзахъэкIынущ абы.

Алыджым и премьер-министр Ципрас Алексис щIыхьэр къыхуриджащ Европэ зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм къыхуагъэлъагъуэхэм арэзы темыхъуэну. Ар даIыгъащ министрхэм.

Референдумыр хабзэм къемызэгъэуу икIи къащтэ унафэм къару имыIну жызыIэхэри, щIыхьэр абы хэмытыну къыхуезыджэхэри щыIэщ. Референдум щIегъэкIуэкIапхъэ щхьэусыгъуэхэм экономикэм пыщIа гуэри Алыджым и конституцэм зэрыщымыубзыхуар зи тегъэщIапIэхэр захуэу къальытэ политологхэр куэдым.

«Нэхъ тэмэмыр референдумым социальнэ Iуэхуэр къыщагъэтынырт, ди Правительствэм и Iуэху зехьэкIэхэм щIыхьэр зэреплъыр къагъэльагъуэныртэ», - жиIащ Алыджым и Компартым.

НIОБГIЭ

♦1845 гъэм урысей пащтыхь Николай Езанэм унафэ къыдигъэкIащ Новороссийск кхъухь тедзапIэ къыщыщIэухыным теухуауэ.

♦1894 гъэм къызэIуахащ Лондон и Тауэр-бридж лъэмыж цIэрыIуэр.

♦1908 гъэм Бахьсэн, Дзэпыкъуэ мэкъумэшыщIэхэм зыкъалэтащ.

♦1945 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ, РСФСР-м хыхьэ Кърым АССР-р Кърым область хъуащ. 1954 гъэм мазаем и 19-м къэралым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ ищIащ Кърым областыр Украинэ ССР-м етыным теухуауэ. Иджы ар УФ-м хыхьэ Кърым Республикэщ.

♦1971 гъэм ЩIым къыщеохьыжым хэкIуэдащ «Союз-II» кхъухьым иса космонавтхэу Добровольский Георгий, Волков Владислав, Пацаев Виктор сымэ.

♦Олимп Джогухэм псым есынымкIэ 18-рэ щытекIуа, 26-рэ дунейпсо чемпион захуэ **Фелпс Майкл** и ныбжьыр илъэс 30 ирокъу. США-м щыщ а спортсменым олимп медалу къикъым хэдиз зиIэ дунейм нэгъуэщI теткъым: Фелпс апхуэдэу 22-рэ иIэщ (дыщэу - 18, дыжьынрэ жэзу тIурытI).

Дунейм и щытыкIэхэр «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщыкъынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

ДэIэпыкъуну хьэзырщ

США-м и Dragon хьэрш къуэхьыр, хьэлъэу тонитI зэрыльар, орбитэм изыхьэн хуеи Falcon 9 ракетэр уэгум къыщыуащ.

Канаверал щыIэ космодромым тельэтыкIа нэужь дакъикъищ фIэкIа дэмыкIыу къэуащ ар икIи Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърыхуащ. Дунейпсо хьэрш станцым ар пыуэн хуеят нобэ.

«Къэхъуар къызыхэкIар зэкIэ гурыIуэгъэкъым. IэщlагъэлIэм къаIэрыхьа видеор и лъабжьэу зэхаГэкI ар къыщIэуам и щхьэусыгъуэр», - щыжаIащ НАСА-м.

«Роскосмос»-р НАСА-м дэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр жиIащ, абы и хьыбар зэхаха нэужь. «Бадзэуэгъуэм и 3-м да «Прогресс» хьэлъэзешэ кхъухьар хьэршым лъэтэнущ. Абы американцхэм я хьэлъэм щыщи кхъыхуэщтэнущи, ди гуапэу апхуэдэ Iуэхутхьабзэ яхуэтщIэфынущ», - жиIащ а Iуэхущ1апIэм и лIыкIуэм.

Дунейм щыхъыбарыр

Алыджым и Парламентым унафэ къыщIащ бадзэуэгъуэм и 5-м я къэралым референдум щегъэкIуэкIыным теухуауэ.

♦1945 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ, РСФСР-м хыхьэ Кърым АССР-р Кърым область хъуащ. 1954 гъэм мазаем и 19-м къэралым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ ищIащ Кърым областыр Украинэ ССР-м етыным теухуауэ. Иджы ар УФ-м хыхьэ Кърым Республикэщ.

♦1971 гъэм ЩIым къыщеохьыжым хэкIуэдащ «Союз-II» кхъухьым иса космонавтхэу Добровольский Георгий, Волков Владислав, Пацаев Виктор сымэ.

♦Олимп Джогухэм псым есынымкIэ 18-рэ щытекIуа, 26-рэ дунейпсо чемпион захуэ **Фелпс Майкл** и ныбжьыр илъэс 30 ирокъу. США-м щыщ а спортсменым олимп медалу къикъым хэдиз зиIэ дунейм нэгъуэщI теткъым: Фелпс апхуэдэу 22-рэ иIэщ (дыщэу - 18, дыжьынрэ жэзу тIурытI).

Дунейм и щытыкIэхэр «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщыкъынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ

Игу къобгъэну анэкъилъху нэхъ бзаджэщ.

● ГуфIэгъуэ пшыхьхэр

Егоровэ Татьянэ школыр къэзыухахэм йохъуэхъу

Экзаменхэр зэфIэкIри, дыгъуасэрей школакIуэхэр балигъ гъащIэм хыхьащ.

АБЫ ТЕУХУА гуфIэгъуэ пшыхь иджыблагъэ щекIуэкIащ Тэрч къалэм дэт «Лицей №1» егъэджэныгъэмкIэ муниципальнэ Iуэхущ1апIэм. ЕкIуу гъэщIэрэщIа пэшышхуэм щызэхуэсат мы гъэм еджапIэр къэзыуха щIалэрэ хъыджэбзу 46-рэ, абыхэм я адэ-анэхэр, егъэджакIуэхэр, мы школыр нэхъ ягъэкIэ къэзыухауэ щытахэр, къраГэблагъа хьэщIэ лъапIэхэр. Псори зэщIэщIуурэт, зэщIэлыдэрт, макъамэ дахэ дэнэкIи къыщыIурт, школакIуэхэм уэрэдхэр жаIэрт, усэхэм къеджэрт.

Пшыхьым хэтхэм я нэгу зрагъэужьын папщIэ школыр къэзыухахэм программэ гъэщIэгъуэн ягъэхьэзыращ. Вальсым, ди лъэпкъ къафэхэм къадэкIуэу абыхэм школым, егъэджакIуэхэм ятеухуа уэрэдхэр жаIащ, уеблэмэ лицейм и гимныр ягъэIуащ.

А пщыхьэщхьэм мы Iуэхущ1апIэм щыхьэщащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ. Депутатхэм я щIэкIэ ар гуапэу екъуэхъуащ школыр къэзыухахэм.

- Нобэрей махуэм фыхуэплъэурэ, фэ гъэгуанэ къыззэпыфчащ, щIэныгъэ тэмэм зэвгъэгъуэтри, Къэрал Экзамен Зэгуэтхэр хъарзынэу зэфIэвгъэкIащ. Илъэс пщыкIузым къриубыдэу фызыхущIэхуар арати, балигъ фызэрыхъуам и щыхьэт аттестатыр къыватыжащ. Аращи, фи гъащIэм и лъэхъэнэщIэм нобэ щыщIэдзауэ фыхохьэ. Балигъ гъащIэр IэхъушхэхэмкIэ гъэнщIауэ, жэуапIныгъэ ин зыпылъу щытынущ. Абы и екIуэкIыкIэ хъунур зыми хужьIэнукъым, ауэ гугъуехь пыухыкIахэри зэрыхэзгъэнуар гурыIуэгъуэщ. Си гуапэщ дахэу, фи щхьэр Iэтауэ фыпсэуну, фыщIэхуКIытэн щымыIэу гъащIэ гъэгум фрикIуэну. Ауэ псоми дощIэ текIуэныгъэ хъэпхыным, уи мурадыр зэбгъэхъулIэным ерыщагъ ехьэлIэн, абы папщIэ лъэпощхьэпо пыухыкIахэри кхъэзнэкIэн зэрыхуейр. Тэрч къалэм дэт лицей №1-р республикэм и школ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Ар къэзыухахэм, абы и егъэджакIуэхэм куэд яхэтщ республикэм и хъуГуэфIыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къэплъытэ хъуну. Мис абыхэм я хабзэ гъэзэджэхэм пыфщэмэ, нэхъыжьхэм яхуэвмыщIа щыIэхъым. Фэ фщыщ дэтхэнэ зыми хуэзфIэкIынущ щалъхуа къалэм, районым, республикэм, зэрыщыту къэралым зегъэужьыным езым хуэфэщэн хищIыхьыну. ИкIэщIпIкIэ фи зэфIэкIэр еджэнми, щIэныгъэми, политикэми, жылагъуэ гъащIэми къыщыззкъуэфхьну си гуапэщ. Насыпэ мыуыхь фиIэну! Дэнэ фыкъыщымыхутэми, фи школыр, фIыуэ флъагъу фи егъэджакIуэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ гуапэу фигу къэкIыжу фекIуэкIыну сынывохъуэхъу. Гъэгу махуэ! - жиIащ абы.

Парламентым и УнафэщIым адэ-анэхэм хэхаягъэзэри, фIыщIэ яхуищIащ я сабийхэр тэмэму зэрагъэсам, зэрырагъэджам папщIэ. Апхуэдэу абы къыхигъэщхьэхукIащ педагогхэм илъэс 11-м кърибыдэу езыхэм я псэм щыщ Iыхьэ дэтхэнэ зы еджакIуэми зэрыбгъэдалъхьар, щыIэныгъэ яхалъу зэрыпэжьар.

Школыр къэзыуха щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ псалъэ гуапэ яжриIащ Тэрч муниципальнэ районым и щIалъхьэ администрацэм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максимэ. Ар балигъ гъащIэм хыхьэзэ зыкъыригъэжащ ящыщ зыгъэгъуэкIыным. Гъэгу махуэ! - жиIащ абы.

Парламентым и УнафэщIым адэ-анэхэм хэхаягъэзэри, фIыщIэ яхуищIащ я сабийхэр тэмэму зэрагъэсам, зэрырагъэджам папщIэ. Апхуэдэу абы къыхигъэщхьэхукIащ педагогхэм илъэс 11-м кърибыдэу езыхэм я псэм щыщ Iыхьэ дэтхэнэ зы еджакIуэми зэрыбгъэдалъхьар, щыIэныгъэ яхалъу зэрыпэжьар.

Школыр къэзыуха щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ псалъэ гуапэ яжриIащ Тэрч муниципальнэ районым и щIалъхьэ администрацэм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максимэ. Ар балигъ гъащIэм хыхьэзэ зыкъыригъэжащ ящыщ зыгъэгъуэкIыным. Гъэгу махуэ! - жиIащ абы.

- Егъэджэныгъэм щызыIэрыв-гъэхьа текIуэныгъэхэр гъащIэм дяпэкIэ щывIэну екъуэлIэныгъэ-щIэхэм я пэщIэдзэ ирехьу, - къыхъэщащ абыхэм я псалъэхэм. - Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федераци псом я цIэр фIыкIэ зыгъэIуфын IэщIагъэлI щыпкъэхэр къыфхэкIыну дыфщогугъ. Фи гумрэ фи псэмрэ зыхуэхъуапсэхэр Тхьэм къывигъэхъулIэ, ныбжьыщIэхэ!

Щ1ыналъэ администрацэм и сымэ, Шэджэм щIыналъэм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым унафэщI Уэдыжь Хьэсанш, нэгъуэщIхэри.

- Егъэджэныгъэм щызыIэрыв-гъэхьа текIуэныгъэхэр гъащIэм дяпэкIэ щывIэну екъуэлIэныгъэ-щIэхэм я пэщIэдзэ ирехьу, - къыхъэщащ абыхэм я псалъэхэм. - Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федераци псом я цIэр фIыкIэ зыгъэIуфын IэщIагъэлI щыпкъэхэр къыфхэкIыну дыфщогугъ. Фи гумрэ фи псэмрэ зыхуэхъуапсэхэр Тхьэм къывигъэхъулIэ, ныбжьыщIэхэ!

Щ1ыналъэ администрацэм и пресс-Iэнатlэм и унафэщI КIарэ Элинэ зэрыжиIамкIэ, пшыхьым гулъытэ хэха щыхуащIащ ЕГЭ-м балли 100 къыщызыхьахэу Бозий ФатIимэрэ Вэрмахуэ ФатIимэрэ. Абыхэм саугъэтхэри ираташ.

Курыт школыр мы гъэм къэзыуха, лъагапIэщIэхэр зи плъапIэ ныбжьыщIэхэм дынывохъуэхъу гъащIэм фи увыпIэ щыбгъуэтыну, гупсысэ IущIхэр зи лъабжьэ Iуэху екIу куэд зэфIэфхыну, насып мыкIуэщIкIэ, екъулIэныгъэкIэ гъэнщIа илъэсхэр ефхьэкIыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЛъагапIэщIэхэр зи плъапIэ

ДэнэкIи хуэдэу, ди республикэми мы махуэхэм щокIуэкI 11-нэ, 9-нэ классхэр къэзыухэм я гуфIэгъуэ зэхъыкIыжьхэр. Жылагъуэм мы-хьэнэшхуэ щызиIэ а Iуэхугъуэхэм ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ нэмыщI, жыджэру хэтщ адэ-анэхэр, щIыпIэ унафэщIхэр, нэхъыжьыфIэхэр.

IУАЩ1ХЬЭМАХУЭ щIыналъэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ ныбжьыщIэхэм 11-нэ классыр къызэраухар. Абы теухуа гуфIэгъуэ пшыхь мэрем кIуам щекIуэкIащ Тырныауэ къалэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм. Абы хэтащ дэ республикэмэ Кавказ Ищхьэрэмэ я артист цIэрыIуэхэу Текуев Амур, СулътIан, Аппаев Алим, Сэралъп Марьянэ, нэгъуэщIхэри. Концертышхуэм и кIэухэу ях-рэкIытIэхэр уафэм драгъэлъэтяц.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, мэкъуауэгъуэм и 27-м, ныбжьыщIэхэм школхэм щратыжащ курыт школыр къэзрахам щыхьэт техьуэ аттестатхэр. Тырныауэ дэт курыт школ №3-м еджапIэр къэзыухэм къэхъуэну къэкIуат щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Афашоковэ Раисэ, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ IэнатIэм и унафэщI Моллаев Сулимэн. Абыхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ пшыхьыр зейхэм икIи гъащIэм екъуIэныгъэ куэд щызыIэрагъэхьэну екъуэхъуащ.

Къалэм дэт адрей курыт школхэми хуэфэщэну щрагъэкIуэкIащ къэзыухэм я гуфIэгъуэ зэхьыкъэхэр. А пшыхьэм ныбжьыщIэхэм екъуэхъуну зыкърагъэжьэлIащ Тырныауэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Джаппуев Руслан, абы и къуэдзэ Ахматов Марат, Iэщlагъэлl нэхъыщхьэ Хаджиев Хьэжмурат, къудамэм и унафэщI Асадулаевэ Еленэ, нэгъуэщIхэми.

Щ1ыналъэм хыхьэ жылэхэми щекIуэкIащ апхуэдэ гуфIэгъуэ зэIущIэхэр. Район администрацэм и пресс-Iэнатlэм и унафэщI Тарим Алисэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, щIыналъэм и курыт школхэр мы гъэм къаухащ ныбжьыщIэ 227-м. Абыхэм ящыщу 30-м хуагъэфэщащ медаль зэхуэмыдэхэр. НыбжьыщIэхэм яхэтщ щIыналъэпсо, къэралпсо олимпиадэхэм пашэныгъэ ящыщыхьэхэри.

НыбжьыщIэхэм я махуэшхуэм ирихьэлIэ апхуэдэ зэхьыхь гуапэхэр щекIуэкIащ Шэджэм щIыналъэмэ. Школыр фIы дыдэу къэзыуха щIыху 68-м медалхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ мэкъуауэгъуэм и 26-м щратыжащ Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм. Абыхэм екъуэхъуащ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и щIыналъэ Ахъуэхъу Къанщобий, КЪБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу Уянаевэ Iэминат, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, депутатхэу Текlуэ Артур, Хочуев Рэмзэан пресс-Iэнатlэм и унафэщI КIарэ Элинэ зэрыжиIамкIэ, пшыхьым гулъытэ хэха щыхуащIащ ЕГЭ-м балли 100 къыщызыхьахэу Бозий ФатIимэрэ Вэрмахуэ ФатIимэрэ. Абыхэм саугъэтхэри ираташ.

Курыт школыр мы гъэм къэзыуха, лъагапIэщIэхэр зи плъапIэ ныбжьыщIэхэм дынывохъуэхъу гъащIэм фи увыпIэ щыбгъуэтыну, гупсысэ IущIхэр зи лъабжьэ Iуэху екIу куэд зэфIэфхыну, насып мыкIуэщIкIэ, екъулIэныгъэкIэ гъэнщIа илъэсхэр ефхьэкIыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Шэджэм псыкъелъэхэм я махуэ

Бадзэуэгъуэм и 5-м Шэджэм псыкъелъэхэм я махуэр ягъэлъэпIэнущ.

ЗЭХЫХЬЭХЭР кIыщыцIэрагъэпэщынущ Псыкъелъэ щIыкIуэхэм я Iэгъуэблагъэм. Щыщ1идзэнур сыхьэт 11-рщ.

Махуэшхуэм и хьэщIэхэм концерт программэ, гъэлъэгъуэныгъэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр къапоплъэ. Гукъыдэж зыщIэхэр хэт хъунущ армрестлингмкIэ, гыРэ къэIэтыныкмкIэ, мывэ дзынымкIэ, кIапсэ зэпекъумкIэ щыIэну зэпеуэхэм.

ЗыгъэпсэхупIэм щыIэхэм Iэмал ягъуэтынущ цIыхубэ Iэпщ1эльапщ1эхэм я лжьыгъэхэм зыхагъэгъуэзэну, лъэпкъ шхыныгъуэхэм я IэфIагъым еплъыну.

Шэджэм псыкъелъэхэм я махуэм и щIыхькIэ шыхэмкIэ зекIуэ къыззрагъэпэщынущ.

ПОГРЕБНЯК Ольгэ.

«Фадэмрэ фадэу къамылъытэ псы гуащIэхэмрэ розницэ сатум зэрыщащэм мардэ пыухыкIахэр хуэгъэувыным и Iуэхукlэ»
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI**:

1. «Фадэмрэ фадэу къамылъытэ псы гуащIэхэмрэ розницэ сатум зэрыщащэм мардэ пыухыкIахэр хуэгъэувыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэзыхьи Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м
№239-П-П

Фадэмрэ фадэу къамылъытэ псы гуащIэхэмрэ розницэ сатум зэрыщащэм мардэ пыухыкIахэр хуэгъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м

1 статья. Мы Законым зэблигъэкI Iуэхухэр

Федеральнэ законодательствэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм я узынщагъэр, зэхэтыкIэр, я хуитыныгъэхэмрэ законкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэн мурадкIэ, мы Законым мардэ пыухыкIахэр хуегъэув фадэмрэ фадэу къамылъытэ псы гуащIэхэмрэ розницэ сатум зэрыщащэм.

2 статья. Фадэр розницэ сатум зэрыщащэ зэманым хуэгъэзауэ ягъэува мардэхэр

Федеральнэ законодательствэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэху пыухыкIахэм нэмыщI адрейхэм дех фадэр сыхьэт 22-м щегъэжьауэ къыкIэлъыкIуэ махуэм сыхьэти 10-м нэсыху розницэ сатум щащэну хуиткъым.

3 статья. Фадэр розницэ сатум хиубыдэу щащэ щыпIэм хуэгъэзауэ ягъэув мардэхэр

1. Фадэр розницэ сатум щащэну хуит ящIыркъым:

1) цIыху куэд щызэхыхьэ щIыпIэхэм, нэхъ шынагъуэ здэщыIэ щIыпIэхэм, апхуэдэу абы кьедза щIыпIэхэм, федеральнэ законодательствэм ипкъ иткIэ фадэр розницэ сатум щащэну хуит щамыщI адрей щIыпIэхэм;

2) дин Iуэхущ1апIэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ, апхуэдэ Iуэхущ1апIэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ зытет щIапIэхэм, диным екьэлIауэ къагъэсэбэп адрей щIыпIэхэм;

3) къэрал, муниципальнэ Iуэхущ1апIэхэм я унэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ, апхуэдэ унэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ зытет щIапIэхэм;

4) паркхэмрэ зыгъэпсэхупIэу хаха щIыпIэхэмрэ (абыхъм щыIэ жылагъуэ шхапIэхэм нэмыщI);

5) жылагъуэ шхапIэхэу цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэхэм ящыщу а Iуэхущ1апIэхэм щекIуэкIыр блэкI-къыблэкIыжхэм ялъагъуэ лажьэхэм.

2. Цыху куэд щызэхыхьэу е шынагъуэ пыухыкIа щIыпIэу зэрыщытым къыхэкIыу фадэр щащэну хуит ямыщI щIыпIэу мы статьям и Iыхьэ 1-м и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуахэр федеральнэ законодательствэм тету еубзыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм.

3. Фадэр розницэ сатум щащэну хуит щамыщI щIыпIэу мы статьям и Iыхьэ 1-м и пунктхэу 2-5-хэм къыщыгъэлъэгъуахэр абыхъм зэреджэмрэ я адресымрэ (здэщыIэ щIыпIэмрэ) къыщыгъэлъэгъуауэ зыхуэфащэ муниципальнэ щIыналъэм зэхегъэувэри муниципальнэ щIыналъэм и хабзэ мардзу къыдегъэкI.

4 статья. Фадэр розницэ сатум щызыщэ организацэхэм (жылагъуэ шхапIэхэм нэмыщI) ипэжыпIэкIэ къызэрагъэпэща устав мылъкур (устав фондыр) нэхъ мащIэ дыдэу зэрыхъун хуейм и лъэныкъуэкIэ хуагъэувэр

Фадэр розницэ сатум щащэну хуитыныгъэ яIэщ организацэхэу зи устав мылъкур (устав фондыр) сом мин 50 нэхърэ мынэхъ мащIэхэм (жылагъуэ шхапIэхэм, апхуэдэу иджыпсту зекIуэ законодательствэм ипкъ иткIэ устав мылъку (устав фонд) къызэзымыгъэпэщхэм нэмыщI).

5 статья. Фадэ мыгащIэхэр розницэ сатум щащэну щыхуимытыр

Розницэ сатум щащэну хуит ящIыркъым этил спирт, кофеин е техническэ мардэхэм, Урысей Федерацэм и лъэпкъ стандартхэм тету цIыхур зыгъэжан нэгъуэщI пкъыгъуэхэр зыхэлъ фадэ щабэу мурад пыухыкIахэм папщIэ къыщIагъэкIэр.

6 статья. Фадэу къамылъытэ псы гуащIэхэр розницэ сатум щыщэнымкIэ ягъэув мардэхэр

Розницэ сатум щащэну хуит ящIыркъым кофеин е техническэ мардэхэм, Урысей Федерацэм и лъэпкъ стандартхэм тету цIыхур зыгъэжан нэгъуэщI пкъыгъуэхэр зыхэлъ псы гуащIэ мурад пыухыкIахэм папщIэ къыщIагъэкIэр, щейм, кофем, абыхъм я экстратхэр къагъэсэбэп адрей щIыпIэхэм;

1) балигъ мыхъуахэм папщIэ;

2) еджапIэхэм, медицинэ Iуэхущ1апIэхэм, апхуэдэу сабийхэр гъэсэныр, егъэджэным, зегъэужьным, я узынщагъэр хъумэным, зегъэгъэпсэхуным, ахэр зыхуей хуэгъэзэным елэжь адрей Iуэхущ1апIэхэм;

3) физкультурэмрэ узынщагъэр егъэфIэкIуэнымрэ, спортым хуащIа Iуэхущ1апIэхэм;

4) цIыху куэд къызрихьэлIэ щэнхабзэ зэхьыхьэу балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ зыхэтхэр къыщыззрагъэпэщ щIыпIэхэм.

7 статья. КIэух Iуэхухэр

1. Мы Законым къару егъэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ зы мазэ дэкIмэ.

2. Мы Законым къару щигъуэт махуэм щегъэжьауэ къару имыIэжу кьэлъытэн «ФадэхэкIхэр розницэ сатум зэрыщащэм къэралым зэрызэблигъэкI щыкIэм и Iуэхукlэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №125-РЗ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 13-м
№20-РЗ

Щlэблэм тогузэвыхь

● Абы дегъэпIейтей

1987 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыхуилъхьауэ мэкъуауэгъуэм и 26-м Наркоманиемрэ наркобизнесымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ. Абы теухуауэ Урысейм Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа брифингым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и щыналъэ зэрыщагъэмрэ хабзэмкIэ и управленэм и унафэщI - Наркотикхэм пэщIэтынымкIэ комиссэм и аппаратым и тхьэмада Шевченкэ Юрий, Республикэ наркологие диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэазэщIэ Удаловэ Ольгэ, УФСКН-м и лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Урысейм Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и унафэщI полицэм и полковник Сокъур Олег.

- Наркотикхэр куэду зэращэр, гуауэ кьэзышэ, щIэблэр зыгъэмащIэ, экономикэ, социальнэ, политикэ мыхъумыщIагъэхэр къызыхэкI Iуэхугъуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьапщтэмэ, Урысейм и адрей щIыналъэхэм елыитауэ наркотикым дихьэхар щынэхъ мащIэщ. Ауэ абы къикIыркъым мыбы дызыгъэпIейтей хэмылъу. Иужьрей илъэсым республикэм наркотикхэр - ахэр гашиш, героин, амфетамин, акъылыр зыгъэутхъуэ нэгъуэщIхэр - къызэрырашэщIыкIэм и лIэужьыгъуэ 30 зэхуэщIащ. НаркотикхэкIхэр, хабзэм ебакъуэу зэращэм къыхэкIкIэ, 2015 гъэм и япэ махизихым цIыху 286-м (щIэпхъаджагъэ 436-рэ яляжьащ) ятеухуа уголовнэ Iуэхуэхэр ди республикэм къыщаIэтащ. НаркотикхэкIр акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэу килограмм 62-рэ къытрахащ, абы героин грамм 900 хьыхьэу, - жиIащ унафэщIым.

Сокъурым къызэрыхигъащаи, Урысейм и ФСКН-м и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм дызэрыт 2015 гъэм наркотикым пыщIа щIэпхъаджагъэу 219-рэ итхащ, 136-р щIэпхъаджагъэ хъэлъэ дыдэщ. Афиян щызэрахьаIэ щIыпIэу 15 зэхуэщIащ, бзаджащIэ гупым зэгурыIуэу ялэжьа наркощIэпхъаджагъэ 44-рэ сэтей кьащIащ. И кIэм нагъэсащ уголовнэ Iуэхуи 102-рэ. НаркощIэпхъаджагъэ зылэжьа цIыхуи 116-рэ уголовнэ жэуапим ирашэлIащ.

НаркощIэпхъаджагъэм ебэныныкIэ лэжьыгъэм и гугъу щищIым, Сокъур Олег жиIащ школхэм, Iэщ1агъэ щызэрагъэгъуэт курыт, ищхьэ еджапIэхэм, балигъ мыхъуа ныбжьыщIэ гъэсэгъуейхэм я адэ-анэхэм, сабий унэхэмрэ интернатхэмрэ я гъэсэнхэм зэрыхуэзэм, зэрепсальэм мыхьэнэщхуэ зэриIэр. ЖиIащ абы республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, жылагъуэ, дин зэгуэныгъэхэм я лIыкIуэхэр жыджэру зэрыхэтыр, зэгъэуIуауэ зэрызэдэлажьэм ехъулIэныгъэхэр кьызэрырикIуэр.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щариттым, ведомствэм и унафэщIым зэрыжиIамкIэ «аптекэ наркоманием» зиIэтащ. «Псальэм папщIэ» «Лирикэ» хущхьэур аптекэхэм щащэну хуимытхэм хьыхьэркым. Ар рецептышэу, ящэ, узыхуейм хуэдизи кьэпщэхуфынуц, хабзэм хуит ещIри. Аптекэхэм я унафэщIхэр жэуапыныгъэм ешэлIэныр абы нэхъри гугъу ещI.

Псалъэмакъым къыпызыща Удаловэ Ольгэ къыхигъэщхьэхуХащ зызыужьа фарминдустриеи и зэфIэкIыр щхьэхуешагъкIэ къэзыгъэсэбэпыну хуейхэр зэрыщыIэнур. Апхуэдэ щхъухьхэр зэрызэхэпльхьэну щIыкIэр интернетым къызэрипхыфынур. Токсиноманием цIыхум къыхихь зэраныгъэр зыкIи къыкIэрыхуркъым наркоманием. Язныныкъуэхэм деж ар зыкъомкIэ нэхъ хьалъэр таблеткэхэр нэхъ гуащIэу щытынкIэ зэрыхъунум къыхэкIыу. Республикэм наркотикхэм япэщIэтынымкIэ и комиссэм и лэжьыгъэм и гугъу щищIым, Шевченкэ Юрий къыхигъэбеладжылыкIащ наркотикым пэщIэтыным теухуа Iэмалыфkэхэр къэралым и унафэщI нэхъыщхьэхэм я нIэ тету къызэрызэрагъэпэщащ. Иджы къэнжалъ аэхэр псори зэпэшэчауэ къэгъэсэбэпынырщ.

Дохутыр-наркологэр ярикъуэ? Республикэ наркодиспансерым и лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуа? Наркотикхэм дахьэхэр кьегъэлъымен теухуа федеральнэ законыр ягъэзащIэрэ? Журналистхэр зыщIэупщIахэмрэ абыхъм кьрата жэуапхэмрэ щыхьат тохъуэ зэфIагъэкIын хуейуэ кьапэщыт кьалэнхэр зэрызэпыщIам икIи зэрыкуэдым. Абыхъм ящыщщ IэщIагъэлIхэр кьаззремэщIэкIыр (район куэдым наркологхэм IэнатIитI, нэхъыбэ щызэдахь), наркотикым дихьэхахэр езыхэр хуэмейуэ сымаджэщым щIэбгъэгъэлъхьэну узэрыхуимытыр. КьыхагъэщхьэхукIащ, реабилитацэ центрым и лэжьыгъэм кьрикIуэр зыхуэдэр кьыщыпхуэщIэнур ар кьызэIуахыу илъэситху дэкIа иужькIэщ.

УАРДЭ Женя.

● Лъэпкъ Iуэху

КIэрмыт Мухьдинрэ КIэкIыхъу Мэжидрэ.

Губзыгъагъэ зыхэлъ, хэкум и фIыгъуэр гъэбэгъуэным хуэгъэза псалъэхэр

ТIуапсы къалэм щекIуэкIащ тенджыз фIыцIэм Iус адыгэхэм я «Адыгэ Хасэ» зэгухьэныгъэм и VIII отчет-хэхыныгъэ зэIущIэшхуэр

КРАСНОДАР крайм ижьижьыж лъандэрэ щыпсэу лъэпкым и уполномоченнэ лIыкIуэу щыт «Адыгэ Хасэм» и дэтхэнэ апхуэдэ зэхьыхэри а жылагъуэ зэгухьэныгъэм зегъэужьыныкIэ лъэхъэнэщIэу мэув. Апхуэдэ зэхьыхьэхэм илъэсиплI лъэхъэнэм къриубылъу зэфIагъэкIахэр кьыщапщытэж, тенджыз фIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъэхэм кьапэщыт зи чэзу кьалэнхэр утыку кьыщралъхьэ икIи нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри адэкIэ зэлэжьын хуейхэр щауфэхьу. Абы кьыхэкIыу зи чэзу съездым гулъытэ хэха хуащI а щIыналъэм и псоми.

Иджырей съездыр гъэхьэзырыным мазитIым щIигъукIэ елэжьахэщ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ятеуха законодательствэм зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIахэр зэрыхалъхьам кьыхэкIыу «Адыгэ Хасэм» и кьыхэгъэщыкIэми хэмылъэжу хьуакъым. Ялэм абы хэту кьалъытэрт Сочэ къалэмрэ ТIуапсы районымрэ и адыгэ псори. Урысей законодательствэм иджыпсту кьигъэув мардэхэм ябгъ иткIэ дяпэкIэ а зэгухьэныгъэм хэтыну хуей дэтхэнэ зыми езым и Iэкlэ лъэIу тхьылъ кьуитын хуейщ. Псалъэм кьыдэкIуэу жыпIэнщи, а хабзэр хагъэхьащ съездым ипэ кьихуэу Хасэм кьищта уставыщIэм. Абы ипкъ иткIэ зэгухьэныгъэм и кьудамэхэр здэщыIэ жылагъуэу 24-м дэсхэм кьабгъэдэкIыу зэман кIэщIым кьриубыдэу хасащхьэм кьыIэрыхьащ апхуэдэ лъэIу тхьылъ миным щIигъу. А кьуажэхэм я Жылагъуэ хасхэми зэгущIэхэр ирагъэкIуэкIри, съездым и делегатхэр, езы хасхэм я унафэщIхэр хахащ. ЩIэуэ нэгъуэщI зы Iуэхуи а лъэхъэнэм кьэунэхуащ: иджы «Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэр, абы и кьуэдзэхэр, хасащхьэм хэтхэр щыхахыр, ялэм зэрыщытам хуэдэу, жылагъуэ парламентым и зэIущIэркъым, атIэ езы съездырщ.

Зэхуэсым зыхуэгъэхьэзырын и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ ар щагъэкIуэкIынур кьыхэхынми. Ар зытрагъэхуахэм ящыщт тенджыз фIыцIэм и Iуфэм Iус адыгэ кьуажэхэм ящыщу нэхъ ин дыдэу щыт Агуей-Шапсыгъ жылэр. Ауэ зэгухьэныгъэр жыджэру зыдэлажьэ властым и органу Краснодар крайм, Сочэ къалэм, ТIуапсы районым щыIэхэм кьыхалъхьащ а зэхуэсышхуэр псом я дежкIи нэхъ тыншыпIэ хъуну кьалъытэщIыпIэм щызэхуаIэсыну. ТIуапсы районым и Iэтащхьэ Лыбанеев Владимир абы и лъэныкъуэкIэ ТIуапсы къалэр нэхъ къезэгъэуу кьилытащ икIи абы дэт щэнхабзэ унэшхуэр яхухихащ.

Къалэ администрацэм и егугъныгъэм, хасащхьэм хэтхэм я жыджэрагъыр я фIыгъэкIэ икъукIэ зэщIэгъэуIуауэ съездым и лэжьыгъэр къызэгъэщта хъуащ. Гупытэншэу Iуэхум и зы лъэныкъуи кьагъэнакъым: пэшыр щекIуэкIыну Iуэхум езэгъуэу ягъэщIэрэщIащ, абы и щIыхьэпIэм къыщызэрагъэпэщащ щIыхьэ Iэпщ1эльапщIэ КIурашын Маринэ игъэхъэзыра лъэпкъ фащэхэмрэ адрей хьэпшып цIыкIуфэкIуэмрэ я выставкэр, «Адыгейм и литературэ гъащIэр» гъэлъэгъуэныгъэр. Съездым хэтахэм я нэгу зрагъэужьащ кьуажэ зыбжанэм я сабий художественнэ гупхэм. Апхуэдэу фойем и блынхэм кьыщыфIадзащ «Адыгэ Хасэмрэ» властым и органхэмрэ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщызэдэлажьэм теухуа суратхэр.

Делегату 150-м щIигъу кьызэрихьэлIа съездым и хьэщIэу щытащ Краснодар крайм и вице-губернаторым и кьуэдзэ, щIыналъэ кIэуцI политикэмкIэ департаментым и унафэщI **КIэрмут Мухьдин**, ТIуапсы районым и Iэтащхьэ **Лыбанеев Владимир**, Сочэ къалэм и мэрым и япэ кьуэдзэ **Филонов Виктор**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сахъурокъуэ Хьэутий**, КъБР-м и «Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, «Урысейм ис ермэлыхэм я союз», «Урысейм ис алыджхэм я союз» зэгухьэныгъэхэм я Лазаревскэ кьудамэм, кьэзакъ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, тенджыз фIыцIэм Iус адыгэхэр кьуажэхэм щыщ нэхъыжьхэр. Хьэуэхъу псалъэзэкIэ зэрыт тхыгъэ гуапэ съездым хэтахэм кьахуигъэхьащ Адыгэ Республикэм Лъэпкъхэм я IэхуэхьэмкIэ, ди лъэпкъэгъуэхэм япыщIауэ щытынымкIэ, цIыхубз хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Щхьэлахъуэ Аскэр.

«Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэ **КIэкIыхъу Мэжид** ищIа докладым щытепсэлъыхьащ тенджыз фIыцIэм Iус шапсыгъэхэм я социально-экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм хэлъ гугъуэхь щхьэхуэхэр къыщэнэкIынымкIэ иужьрей илъэсиплIым кьриубыдэу ялэжьахэм, апхуэдэу зэкIэ яхуэзэфIэмыкIахэмрэ дяпэкIэ къару нэхъыщхьэр щыхуэзэнатIипхъэу кьилытэкъум кьыхэкIыу зэпымыууэ нэхъ заужь егъэджэныгъэмкIэ, узынщагъэр хъумэныкIэ, щэнхабзэмкIэ Iэнатlэхэм. «Шапсыгъ щIыналъэ» газетри абы и фIыгъэкIэ хэмыкIуэдажьу кьыззтенащ. Псэныгъэ и лъэныкъуэкIэ кьуажэхэр зыщIагъакъуэ. Зи гугъу тщIы зэдэлажьэныгъэрщ Сочэ щекIуэкIа Олимп зэкъэззэкуэм хиубыдэу кьызэрагъэпэща «Адыгэ унэр» хуагъэува кьалэнхэм нэсу зэрехъулIар зи фIыгъэр.

Къэпсэпсальэм кьыхальхьахэмрэ ахэр нэхъ зытегузэвыхь Iуэхузэмрэ кьыщыхьагъащ съездым кIэуплку щыта унафэм. Делегатхэр апхуэдэу жэуаплныгъэ яхэлъу бгъэдыхьащ «Адыгэ Хасэм» и унафэщI органхэр хэхыным. Зэluуауэ Iэ яIэтри, жылагъуэ парламентым и Аращ а гугъуехьхэр дзгъэкIыным хуэунэтIауэ «Адыгэ Хасэри», властым и органу кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ щыIэхэри, адрей жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри зэуIуу зэдэлэжьэн щIыхуейр.

Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм и щапхъэ хъарзынэхэр мы щIыналъэм щыIэщ. «Лъэпкъэхэм я зэхущытыкIэхэр зэгъэуIунымрэ лъэпкъ щэнхабзэхэм зегъэужьынымрэ» крайм и программэ хэхар гъэзэщIэным илъэс куэд лъандэрэ зэщIыгъуу йолэжь Шапсыгъэхэм я жылагъуэ парламентыр, Краснодар крайм и администрацэр, Сочэ къалэмрэ ТIуапсы районымрэ я администрацэхэм я щIыналъэ органхэр. Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм сэбэпыныгъэшхуэ яIэ ТIуапсы районым и Iэтащхьэ Лыбанеев Владимир яритащ жылагъуэ зыбжанэм я нэхъыжьхэм я советхэм я тхьэмадэхэм.

КIэухыу кьыщыпсалъэм КIэкIыхъу Мэжид кьыхигъэщхьэхуХащ: «Съездым и лэжьыгъэр иухащ, зыхуэфащэ унафэхэр къэтщтащ, иджы ерыщу лэжьыгъэм зеттын хуейуэ араща. Ди лъэпкъэгъуэхэм къыдагъэза дзыхьым дрогушхуэ, ауэ ар икIи жэуаплныгъэшхуэщ. Хасащхьэм хагъэхьахэм кьыштпщыт лэжьыгъэр тыншкъым, апхуэдэу нэхъ япэкIэ дгъэжьауэ щыта Iуэхуэхэр нэдгъэсыжьын хуейщ. Араща, псоми длэжьын диIэщ».

НЫБЭ Анзор.

Нэщlым и иужьрей махуэхэр

● Уаз

Рэмэдан мазэр и кум ноблагъэ. Жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ Іуэхугъуэхэр дэтхэнэ зы мусылъмэнми адэкlэ къытполъэ. Ахэр иджыри зэ нобэ фигу къэдгъэкlыжынщ.

НЭЩlЫМ и иужьрей махуипщlыр мусылъмэнхэм псом хуэмыдэу ягъэлъапlэ, сыту жыпlэмэ, а лъэхъэнэращ Къэдэр жэщыр зыхиубыдэр. А махуэхэм, Іэмал зэрилэкlэ, мэжджытым зэман нэхъыбэ щыгъэкlуэн хуейщ. Мухьэммэд бегъымбар лъапlэм (Тхъэм и нэфlыр зыщыхуар) Рэмэдан мазэм и иужьрей махуипщlыр мэжджытым щихьу щытащ. Уеблэмэ и гъащlэм и иужьрей илъэсым нэщl мазэм щыщу махуэ тlощlыр мэжджытым щигъэкlуат.

Апхуэдэу зыщlэнухэм Алыхьым папщlэ а зэманыр Тхъэм и унэм зэрыщигъэкlуэнумкlэ Іэмал имыIэу мурад (ниет) ищlын хуейщ.

Къэдэр жэщыр

Жэщу щыlэм я нэхъ лъапlэ Къэдэр жэщыр нэщl мазэм и 27-нэ жэщращ. Абы щыгъуэщ Къурlэн лъапlэм щыщ Іэятхэр япэ дыдэу Мухьэммэд бегъымбарым мелыIыч Джэбрэlилымкlэ къыщыхурихьэхар.

ЛIыкIуэр Тхъэм хуэпщlылу «Джэбэл-ан-Нур»-кlэ зэджэ бгым и «Хьирэ» бгъуэнщlагъым здисым, мелыIыч Джэбрэlилыр къыхуехри, Іэмыр къыхуищlащ: «Еджэ». И нэгу щlэкlам зи щlыфэр игъэтхъна ЛIыкIуэм жиIащ: «Сэ седжэфыркъым». Аргуэру Джэбрэlил жиIащ: «Еджэ». Бегъымбарым шынэу жэуап итащ: «Сэ седжэфыркъым». Джэбрэlил ЛIыкIуэр зэщlикъуэрри, аргуэру Іэмыр хуищlащ: «Еджэ, Укъэзыгъэщlам и цlэкlэ...». Абы иужькlэ Къурlэн лъапlэм щыщу а Іэятхэр япэ дыдэу Тхъэм ЛIыкIуэм къыхуригъэхащ.

Алыхьым и пащхьэм къикIыу Къурlэн лъапlэм щыщу япэ дыдэу къехар «еджэ» псалъэращ. Абы урегъэгупсыс щlэныгъэм и мыхьэнэм и инагъым.

Къэдэр жэщым псом хуэмыдэу тобэ къэхьыжын, Къурlэн нэхъыбэрэ еджэн хуейщ. А жэщым Тхъэм хуэпщlлI мелIыIычэр апхуэдизкlэ куэд мэхъури, абыхэм я бжыгъэр езы Алыхьым фlэкIа зыми ищlэркъым. А псори Къэдэр жэщым щlыпlэм къохри, абыхэм я курыкупсэм мелыIыч Джэбрэlилыр яхэту, цIыхухэм гущlэгъу къахуищlыну Тхъэм холъэIу. Цlыхум и нэкlэ имылъагъу щхьэкlэ, а жэщым щlылъэм теуваплэ иIэкъым, апхуэдизкlэ мелыIычэр щыкуэдщи, а псори Іэдэм и быным щхьэкlэ Тхъэм зыхуагъэщхъ. Алыхьым хуэпщlылу а жэщыр зыгъакIуэ псоми мелыIыч Джэбрэlил и Іэхэмкlэ сэлам ярех. Лъэпкъыр къабыл щыхьу жэщ лъапlэм мелыIычхэр тхуолъапIуэ, абы нэхъри нэхъ гущlэгъу сыт щыIэ?!

● Мэжджыт цlэрыIуэхэр

Музей, тхылъ хъумапlэ, шхапlэ хэту

«Мэшхьур Жусуп» мэжджытышхуэр Павлодар къалэм дэтщ. Абы цIыху 1500-м зэуэ нэмэз щащl. Тхъэм и унэ уардэм и теплъэр ещхьщ къуапий зиIэ вагъуэм. Аэзн джапlэхэм я лъагагъщ метр 63-рэ.

Мэжджытым метр 54-м щlигъукlэ зиIэтащ. Ар къатитIу зэтетщ, япэ къатым бзылъхугъэ 300-м нэмэз щащIыфынущ, апхуэдизкlэ зыщlэхуэн шхапlи хэтщ. Къинэмыщlауэ, абы мыдрисэ, нэчыхь щатх пэшхэр хэтщ. ЕтIуанэ къатым цIыхухъу 1200-м зэуэ нэмэз щащl. Абы хэтщ ислъам дин щэнхабзэмкlэ музей, библиотекэ.

● Дэ къытхуатх

Гукъэкlыжыр хэкlасэркъым

Сыдихьэхауэ зы пщыхьэщхьэ седэIуащ Хьэпцlэ Аннэ игъэхьэзыр «Уэрэдыр фэеплъ мыкIуэдыжщ» нэтыным. Ар зытепсэлъыхьыр си нэIуасэу щыта, сызыдеджа, щlакъуэ Іыхьэ зыдэзгуэша Бэрэгъун Владимирт. Куэд си нэгу къыщlигъэхьэжащ абы.

ДИ ЛЪЭПКЪ макъамэхэр си щlасэми, си щlэныгъэкlэ музыкэм гунэсу тепсэлъыхьыфынухэм сащыщкъым икIи Владимир къехъулIа, зэпымщlысфа гъунапкъэхэр къэсхутэну апхуэдэ хьилым збгъэдэлъкъым. Ауэ, шэч къызытезмыхьэжращи, абы и щlэиныр дуней псом текъуха адыгэм я дыщэ пхъуантэм дэлъыпхъэхэм ящыщщ...

УсакIуэм и дзыхь иригъэзу тхыпльымпlэм тритха усэр гупльытэншэ щыхъу щыIэщ. Арщхьэкlэ макъамэтхым ар игу дыхьэрэ уэрэд къигъэщlмэ, а усэм и гъащlэр нэхъ кIыхь мэхъу. Бэрэгъун Владимир еэым куэд къимыпсэуами, сыт хуэдиз адыгэ уэрэдыжь абы зэхуихьэсыжу, нотэм иригъэзагъэу зи гъащlэм тхупищар?! Къардэнгъущl Зырамыку и гъуазэм тету, Владимир адыгэ хэкум хуэщхьэпэн уэрэд куэд дыдэм псэщlэ яхилъхьэжат. Абы къытхуищlар зыхуэдэмрэ гъуазджэ и лъэныкъуэкlэ иIэ мыхьэнэмрэ зэхэзыщlыкIын лъэпкъ Тхъэм дищl.

Бэрэгъуным сэрэ ди еджэгъуэр 1960 гъэхэм и кIэуухэм техуащ. А зэман жыжьэр ди нобэм куэдкlэ къыщхьэщокI. ДыщlыщцкIын щхьэусыгъуэ къыдэзымыт къэралым и хабзэм дытетащ, жытIэн ди куэдми, дыIэдэбу, диIэ мащIэм пщIэ хуэтщIу, Хэкум пIалъэкlэ пэIэщIэ дызыщIыр еджэныгъэмрэ дзэ къулыкъумрэти, дезыгъэжьа нэхъыжьхэм я ущием демыбакъуэу, дызыхэхуахэм хьэл-щэныкIрI зыдедгъэпльагъуу дыкъэгъуэгурыкIуащ.

... А лъэхъэнэм Саратов щеджа адыгэ щlалэгъуалэм тхьэмадэ тхуэхъуа Тхьэзэплъыж Мухьэмэд и махуэ дахэр зы ресторан гуэрым щыдгъэлъапIэрт. Гуп дыгъэл дызэрыгъэхъуат: Амщокъуэ Исуф, Бахъсэн Хьэмэдэ, Дохъушокъуэ Герман, Къумыкъу Борис, Щхьэныкъуэ Мухьэмэд сымэ. Рестораныр къатитIу зэтетти, дэ и щхьэмкlэ дыщысыну бысымхэм дагурыIуащ. Гуфlэгъуэ Іэнэр иджыри къызэIудмыхьауэ дыиэхэтт, къэсыр къедгъэблагъэу.

Езанэ къатми урыс хьэгъуэлIыгъуэ щрагъэкlуэкlыну цIыхухэр къыщыззэхуэсырт. Абы хэту, Іэнэзэхьэхэм я пажэм лъэныкъуэкlэ сыIуешри, щыгъуаззсещI и лъабжьэм щlэс язныкъуэхэм даззримыгуапэр, ди гъусэу Іэхэр ирагъэкIуэкlыну зэрыхуэмейр къыхагъэщу: «Мыпхуэдиз «фIыцIэ» зыщIэс шхапIэм зыщыкIэжьэнкъым» зэрыжаIэр. Апхуэдэу къызэщlагъэстрэ хьэщlэхэм зэIэпежьмэ, рестораным иIэну фейдэм куэду зэрыхущIыну абы зэрыригузавэри цIыхубзым жиIащ.

Хьыбарыр гурыхь пщыхъунт?! Іуэхур зыIутыр нэхъыжьыIуэхэм езгъэщlащ. Хэти ильащ, хэти ипкIащ, «къаугъэ гуэр къэпIэтауэ е мыхъумыщlагъэ тщlауэ щытамэ зыгуэрт», жаIэри. Ди теплъэ къудейм зи лъыр къигъэплъахэм япэщlэбгъэувэ хъунур лIыгъэт е губзыгъагъэт.

ГуитIщхьитIу дыщытхуу, Бэрэгъун Владимир и макъ лъэщым зригъэIэтри, итальянныбзэкlэ уэрэд гуакIуэ дыдэ къыхидзащ. Зэщlэдымауэ абы псори едэIуащ, езанэ къатым щlэсхэри етIуанэм тесхэри.

Уэрэдыр и кlэм нэса иужь, зы дакъикъитху нэхъ дэмыкIыу ипэкlэ дызыгъэIэйтея бзылъхугъэ дыдэр къыдрагъэкIуейри, псалъэмакъ гуемыIу къыдзэщlэкlахэр я псалъэм зэрыхущIегъуэжыр къыджрагъэIащ. Арати, ди гур нэхъ псэхужьу Іэнэр къызэIутхри, гуп къэжанар Бэрэгъуным и уэрэдхэм дыдеэфууэ икъуэкlэ гукъинэжу пщыхьэщхьэр едгъэкIуэкlащ. Нэхъ гъэщlэгъуэныжьрати, ди лъабжьэм щlэсхэм нэхъ иужькIи лIыкIуэ къытхуагъэкIуат, Володя япэ дыдэу жиIа уэрэдым иджыри зэ къытригъэзэжыну къыелъэIуу. Дауи, Бэрэгъуным ахэр игъэщlэхуэакъым. Абдежыращ сэ къыщысщlар музыкэр Іэпщэм нэхърэ нэхъ зэрылъэщыр.

ПХЫТIЫКI Юрэ.

● Хьэдисхэр

Алыхьым фыщыгугъ

♦Хэт дыхьэшхыу гуэныхь ищlэми, гъыуэ жыхьэнэм кIуэнущ. ЦIыхур фIэгъуэныхь хъуэ гъыуэ фIы зыщlар, гуфIэу жэнэтым къыщыхутэнущ.

♦Фи къару илъэхукIэ фи къару фыщымыгугъыу, фыщыгугъ Алыхьым, фщlэ абы жиIэр. ЦIалэу дунейм куэд ехыжри, жьы хъуар къэнащ.

♦Іэдэм и бынхэ! Хьэлъэ фтелъэр нэхъ псынщlэхукIэ нэхъыфIщ - фи мылъкур нэхъ мащIэхукIэ си деж щыфхьыну жэуапыр нэхъ тынш фщыхъунщ.

Бадзэуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщlэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, бэрэжьей	02.53	04.28	12.20	16.26	19.50	21.30
2, махуэку	2.54	04.28	12.20	16.26	19.50	21.30
3, мэрем	02.55	04.29	12.20	16.26	19.50	21.30
4, щэбэт	02.55	04.30	12.20	16.26	19.49	21.29
5, тхьэмахуэ	02.56	04.30	12.20	16.26	19.49	21.29
6, блыщхьэ	02.56	04.31	12.21	16.26	19.49	21.29
7, гъубж	02.57	04.32	12.21	16.26	19.48	21.28
8, бэрэжьей	02.58	04.32	12.21	16.26	19.48	21.28
9, махуэку	02.59	04.33	12.21	16.26	19.48	21.28
10, мэрем	03.00	04.34	12.21	16.26	19.47	21.27
11, щэбэт	03.01	04.34	12.21	16.26	19.47	21.27
12, тхьэмахуэ	03.02	04.35	12.21	16.26	19.46	21.26
13, блыщхьэ	03.02	04.36	12.22	16.26	19.46	21.26
14, гъубж	03.03	04.37	12.22	16.26	19.45	21.25
15, бэрэжьей	03.04	04.38	12.22	16.26	19.44	21.24
16, махуэку	03.06	04.39	12.22	16.26	19.44	21.24
17, мэрем	03.06	04.39	12.22	16.26	19.43	21.23
18, щэбэт	03.07	04.40	12.22	16.26	19.42	21.22
19, тхьэмахуэ	03.09	04.41	12.22	16.25	19.41	21.21
20, блыщхьэ	03.11	04.42	12.22	16.25	19.41	21.21
21, гъубж	03.12	04.43	12.22	16.25	19.40	21.20
22, бэрэжьей	03.14	04.44	12.22	16.25	19.39	21.19
23, махуэку	03.15	04.45	12.22	16.25	19.38	21.18
24, мэрем	03.16	04.46	12.22	16.24	19.37	21.17
25, щэбэт	03.17	04.47	12.22	16.24	19.36	21.16
26, тхьэмахуэ	03.18	04.48	12.22	16.24	19.35	21.15
27, блыщхьэ	03.19	04.49	12.22	16.23	19.34	21.14
28, гъубж	03.20	04.50	12.22	16.23	19.33	21.13
29, бэрэжьей	03.21	04.51	12.22	16.23	19.32	21.12
30, махуэку	03.22	04.52	12.22	16.22	19.31	21.11
31 мэрем	03.23	04.53	12.22	16.22	19.30	21.10

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущlапlэм къыдитащ.

● Дерс къызыхэхыпхъэ

Абу Хьэнифэ и чэнджэщ

Зэгуэрым жэщыр хэкIуэтаэ Іимам Абу Хьэнифэ и деж зылI щIыхьащ. Абы жиIащ: «Уа, Абу Хьэнифэ, ахъшэу сиIэр сфIэкIуэдащ, здэзгъэтIылъар сщIэжыркъым. СынолъэIу укъыздэIэпыкъуну». Іимамым къыгуригъэIуащ щIыхум фIэкIуэдар зыщIэу апхуэдэ хьилым зыбгъэдэлъыр Алыхь закъуэр зэрыарар, ауэ къигъэгугъащ хуэзфIэкIымкIэ дэIэпыкъуну.

«УНЭМ кIуэжи, нэху щыху нэмэз щIы. Тхьэм жиIэмэ, къзбгъуэтыжынщ» - чэнджэщ иритащ Абу Хьэнифэ.

ЛIыр нэмэзым теувэри, рэкхьэтитI фIэкIа имыщIу, къищIэжащ ахъшэр здигъэтIылъар.

Пщэдджыжьым Іимамым дежи щIыхьэри, еупщIащ: «Уа, Абу Хьэнифэ, дауэ къызэрыщIар нэмэз сщIымэ, ахъшэр къызэрызгъуэтыжынрэ?»

- «Мы лIыр нэху щыху Алыхьым хуэпщlылынущ», жиIэри шейтIаныр гуэзващ. Ахъшэр здэпхьар къызэрыпщIэжу, нэмэзым укъызэрытекIыжынур ищIэрти, къуигъэщIэжащ», - къитащ жэуап Абу Хьэнифэ.

Мы хъыбарым урегъэгупсыс дэ зыгуэр дыщыхуейм деж фIэкIа Алыхьым зэрызыхуэдмыгъаэзм.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.**

● Хъыбар

ЩIалэм и жэуап Іущхэр

Зэгуэрым кхъэм сыкIууэ сыIущIащ зи акъыл зэтемыс щIалэм. Ар сынхэм я зэхуаку дэст. ЩIалэм зэрызищIэр телъыджэт: зэм Іейуэ лъаIуэу уафэмкIэ дэплъейрт, зэми хэгупсысыхьауэ щIым еплъыхьыр, ижьымкIэ плъэрти, гуфIэгъуэ гуэрым игъэдыхьэшхыр, сэмэгумкIэ плъэрти, гуэвэгъуэ гуэрым игъагъыр.

СЭ АБЫ сыбгъэдыхьэри, сэлам есхащ икIи сеупщIащ: «Сыт мыбдеж щыпщIэр? Кхъэм щхьэ удэс?». Жэуап къызитащ щlалэм: «Сэ я гъусэу сыщысщ зэи зэран къысхуэмыхьунухэм, мыбдеж сызэрыIукIыжу си щIыбагъкIэ къысхуэмыпсэлъэнухэм». ЕтIуанэу сеупщlащ уафэмкIэ плъэурэ щlэлъаIуэм, щIым еплъыхьыурэ щlэгупсысэм, ижьымкIэ плъэурэ щlэдыхьэшхым, сэмэгумкIэ плъэурэ щlэгъым и щхьэусыгъуэм.

ЩIалэм жэуап къызитащ: «Уа, Малик, уафэм сыщыдэплъейкIэ, Алыхьым и псалъэхэр сигу къокIыж: «Уафэращ фи ерыскъыр зэдэщlэр. ФыкъыщIэзгъэгугъари здэщlыIэр аращ». А Іэятыр зигу къэкIыжыр Алыхьым фIэкIа нэгъуэщlым елъэIу хъунукъым. ЩIым сыщеплъыхьым деж сигу къокIыж Тхьэм и псалъэу: «Аращ (щIыращ) фыкъызыхэсщlыкIар, фызыхьхьэжынури аращ. Къемэт махуэм фыкъызыхэкIыжынури щIыращ». ЩIым сыщеплъыхьэкlэ сигу къокIыж Дыкъэзыгъэщlам и псалъэу: «Зи тхыгъэхэр ижьымкIэ зратыжхэр - гуфIэгъуэ щыщlэнукъым». А Іэятым сыщегупсыскIэ, гуфIэгъуэр къызэт. СэмэгумкIэ сыщыплъэкIэ, сигу къокIыж Тхьэм и псалъэу: «Зи тхыгъэхэр сэмэгумкIэ зратыжхэр - унэхъуахэрщ». А Іэятым сыщегупсыскIэ, гуэвэгъуэм сегьаГъ».

Малик бин Динар къиIуэтэжащ.

● Хъыбар

ЩIалэм и жэуап Іущхэр

Зэгуэрым кхъэм сыкIууэ сыIущIащ зи акъыл зэтемыс щIалэм. Ар сынхэм я зэхуаку дэст. ЩIалэм зэрызищIэр телъыджэт: зэм Іейуэ лъаIуэу уафэмкIэ дэплъейрт, зэми хэгупсысыхьауэ щIым еплъыхьыр, ижьымкIэ плъэрти, гуфIэгъуэ гуэрым игъэдыхьэшхыр, сэмэгумкIэ плъэрти, гуэвэгъуэ гуэрым игъагъыр.

СЭ АБЫ сыбгъэдыхьэри, сэлам есхащ икIи сеупщlащ: «Сыт мыбдеж щыпщIэр? Кхъэм щхьэ удэс?». Жэуап къызитащ щlалэм: «Сэ я гъусэу сыщысщ зэи зэран къысхуэмыхьунухэм, мыбдеж сызэрыIукIыжу си щIыбагъкIэ къысхуэмыпсэлъэнухэм». ЕтIуанэу сеупщlащ уафэмкIэ плъэурэ щlэлъаIуэм, щIым еплъыхьыурэ щlэгупсысэм, ижьымкIэ плъэурэ щlэдыхьэшхым, сэмэгумкIэ плъэурэ щlэгъым и щхьэусыгъуэм.

ЩIалэм жэуап къызитащ: «Уа, Малик, уафэм сыщыдэплъейкIэ, Алыхьым и псалъэхэр сигу къокIыж: «Уафэращ фи ерыскъыр зэдэщlэр. ФыкъыщIэзгъэгугъари здэщlыIэр аращ». А Іэятыр зигу къэкIыжыр Алыхьым фIэкIа нэгъуэщlым елъэIу хъунукъым. ЩIым сыщеплъыхьым деж сигу къокIыж Тхьэм и псалъэу: «Аращ (щIыращ) фыкъызыхэсщlыкIар, фызыхьхьэжынури аращ. Къемэт махуэм фыкъызыхэкIыжынури щIыращ». ЩIым сыщеплъыхьэкlэ сигу къокIыж Дыкъэзыгъэщlам и псалъэу: «Зи тхыгъэхэр ижьымкIэ зратыжхэр - гуфIэгъуэ щыщlэнукъым». А Іэятым сыщегупсыскIэ, гуфIэгъуэр къызэт. СэмэгумкIэ сыщыплъэкIэ, сигу къокIыж Тхьэм и псалъэу: «Зи тхыгъэхэр сэмэгумкIэ зратыжхэр - унэхъуахэрщ». А Іэятым сыщегупсыскIэ, гуэвэгъуэм сегьаГъ».

Малик бин Динар къиIуэтэжащ.

● КИФЩІ-м и тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІущІэ

Апхуэдэ гулъытэм уегъэгушхуэ

Мэкъуауэгъуэм и 11-12-хэм КИФЩІ-м и тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я фестиваль Грознэ къалэм щекІуэкІащ. Литературэм и илъэсым хиубыдзу къыззрагъэпэща Іуэхур зи жэрдэмыр Шэшэным ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ и министерствэмрэ а республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэмрэщ.

2015 ГЪЭМ и пэщІэдзэм къыхалъхьа зэпеуэм Кавказ Ищхьэрэм щыщу зи лэжьыгъэ езыгъэхьахэм цІыху 40 къыхагъэщхьэхукІри, Шэшэн Республикэм щыІущІэну, дэтхэнэми и Іэдакъэщ Іэкіым щытепсэльыхьыну, литературэм къэкІуэн имыІэу жызыІэхэм ныбжьыщІэхэр ирагъэлъагъуну зэхуаІэсат.

Нэкіэ плъагъум эщыгъынгъэнщІу Грознэ къалэр зэпэщу, уэрам къабзэхэр екІуу уз дахэхэмкіэ гъэщІэрэщІащ, зым нэхъ рэ адрей унэм и лъагагъым, и ухуэкіэ тельыджэм уетхьэжьу. Урысей Федерацыим и Президент Путин Владимиррэ Шэшэн Республикэм и Іэтащхьэ Кадыров Рэмзанрэ я суэрт-хэм уэрамхэми Іуэхущ Іапіэ псоми уащрохьэлІэ.

ЗэІущІэм хэт щІалэгъуалэр дызэрыцІыхуа иужь, телевиденэм и хэщІапІэ уардэунэм драгъэблагъэри, «Точки опоры» теленэтыным дыхэтащ. Абы къарагъэблагъат республикэм ис тхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэхэу Юсупов Руслан, Мамакаев Эдуард, Ибрагимов Кантэ сымэ, Парламентым и депутатхэр, егъэджакІуэхэр, нэгъуэщІхэри. Кавказ Ищхьэрэм и иджыпі тхакІуэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІыр зыхуэдэм, апхуэдэуи зэІущІэм къарагъэблагъэхэм я лэжьыгъэхэм, нэгъуэщІ куэдми щытепсэльыхьащ абы. ЩІалагъэлІхэмрэ литературэм и гъурри и цІынэри зыщІэ тхакІуэхэмрэ зыжьэу жаІащ Кавказ Ищхьэрэм и литературэм ущІытегущэзэныхьын щымыІэу, зэІущІэм къарагъэблагъэхэм фІэкІ мы-хъуми, абы и къалэныр зэрахуэгъэкъаруунур, щІэблэ зэчиифІэ утыку къызэрихьэм шэч къызэрытрамыхьэр.

Тхакіуэ ныбжьыщІэхэм я литературэ фестивалыр къыщыізэІуахащ Айдамиров Абузар и цІэр зэрихьэу Грознэ къалэм дэт Лъэпкъ библиотекэм.

Литературэм хэлъ мэгъу къаурм, абы цІыхур зэрызэщІишэм, зэчиим зэрызебгъэужьынум, нэгъуэщІ щэху куэдхэмкіи дэгуэшащ тхакІуэ нэхъыжьхэр зи щІалэгъуэхэм.

Шэшэн Республикэм щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министр Тагиев Мурат усэ къеджакъэм гупсэхуу щІэдэІуа иужь, жиІащ иджырей тхакІуэ ныбжьыщІэхэм нэщхьеягъуэр къаззрытекІуэр, а гупсысэ хьэлъэхэм абыхэм я псэр ихуэу кІыззрилъытэр. Абы кІыззрилъытэмкіэ, сыт хуэдэ Іуэхуми фІы хэплъагъуэфу ущытын хуейщ, псом хуэмыдэу тхакІуэм ар зыщигъэгъупщэ хьунукъым.

НыбжьыщІэхэр хуэзащ УФ-м литературэмрэ щэнхабзэмкіэ и Къэрал саугъэтым и лауреат, Шэшэным и цІыхубэ тхакІуэ, а республикэм и ТхакІуэхэм я союзым и тхьэмадэ Ибрагимов Кантэ. Псы хуэлІауэ псынащхьэм ирихьэлІам ещхьт тхакІуэр упщІэкІэ щІэзэыгъэна ныбжьыщІэхэр. Роман зыбжанэ зи Іэдакъэ къыщІэкІа тхакІуэм къикІуа гъуэгуанэ мытыншыр къызэхуэсахэм кІэщІу къахуиІуэтащ икІи дыщигъужащ ар сыт щыгъуи романист хъуну зэрыщІэхъуэпсар. Кантэ гугъу зэрехьэр зыльэгъуа и бынхэм адэм и лъагъуэм ирикІуэну щІэхъуэпс зэрахэмыгъэ жиІащ, абы и щхьэусыгъуэр тхакІуэм ди зэманым хуэфащэ пщІэ зэримыгъэтырщ. «ТхакІуэхэр зэман гугъум дыщопсэу, ди Іэпэ къыпыкІам къыпэкІуэлакъым, ауэ абыи фІы хьэолъагъуэ сэ. Араци, тхакІуэ фэрыщІхэр, щхьэгъэпцІэжхэр нэхъ мащІэ хъуащ, ари куэд и уасэщ», - пещэ абы. Романхэр зэрыптхын хуейм, абыхэм я щэху нэхъыщхьэм, езым къиргъэсэбэп Іэмалхэмрэ хэкІыпІэ гъэщІэгъуэнхэмкіэ къадэгуэшащ ар щІалэгъуалэм.

ГРОЗНЭ къалэр жэщым жейркъым. Гуэхъуэщ уэздыгъэ минхэр щыізэщІэлыдэ, уафэм лъэІэсу къыпщыхьу уардэунэхэм уалуплъэныр. ПщІэжьи-ным зэгуэр мы къалэм заузм и «щІопщ» къытехуауэ, ар иджы къалэ зэкІужщ, узэплъынрэ узэхъуэпсэнрэ щыкуэду. УдзгъэкІ хьэлэл гуэрым Іэмыщ Іэкіэ кІихьу къытрикІуа хуэдэ, уэрамхэр епэрхэмкіэ гъэнщІащ, къабзэщ, ар зи лэжьыгъэхэм фІыщІэ яхуумыщІын плъэмыкІыу.

Дэ дагъэлъэгъуащ «Шэшэным и гур» зыфІаща мэжджытыр, Кадыров Ахъмэт-хьэжы и цІэр зезыхьэ музейр. Хамэ къэрал къраша псэуалъапхъэ фІы дыдэ защІэкІэ музей дахэшхэр мазищым и кІэуцІкІэ зэфІагъэуващ. Псалъэм папщІэ, абы щыфІадзэ люстрэ абрагъуэр и инагъкІэ ди къэралым щыещанэщ, ар щашьм дыщэу килограмм тІощым щигъу текІуэдащ. Музейр Ахъмэт-хьэжы и суэртхэмкіэ, дэфтэрхэмкіэ, щыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщыІам кърата фащэхэмкіэ, ар щыжьажьу щыта пэшым щІэта хьэпшыпхэмкіэ гъэнщІащ. Шэшэн Республикэм щыщу ди къэралым и ЛІыхъужь хъуахэм я суэртхэм пэшым и зы блын зрагъадхэ, зауэм хэратхыкІа письмо, къагъуэтыжа Іэщэ-фащэ, нэгъуэщІ гъэщІэгъуэн куэди щІэльщ мыбы.

ТхакІуэхэм я зэхьхьэр уэрэдрэ къафэкІэ яхащ. ЗэІущІэм хэта псоми щІыхь тхыпхъэмрэ фэепІэ сауГъэтхэмрэ ираташ, зи тхыгъэ нэхъыфІу къалъытахэм я цІэ къраІуащ. ЗэрыжаІамкіэ, тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр щызэхуэхьэса тхылъ къыдагъэкІынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Налшык - Грозн э

Государственное казенное образовательное учреждение среднего профессионального образования «Кабардино-Балкарский гуманитарно-технический колледж» Минобрнауки КБР

объявляет прием студентов на 2015-2016 учебный год по образовательным программам подготовки специалистов среднего звена по очной и заочной формам обучения

Специальность	Квалификация и область профессиональной работы специалиста
Право и организация социального обеспечения	**Юрист**: реализация правовых норм в социальной сфере, выполнение государственных полномочий по пенсионному обеспечению, государственных и муниципальных полномочий по социальной защите населения
Правоохранительная деятельность	**Юрист**: реализация правовых норм; обеспечение законности и правопорядка, безопасности личности, общества и государства, охрана общественного порядка, предупреждение, пресечение, выявление, раскрытие и расследование преступлений и других правонарушений
Социальная работа	**Специалист по социальной работе**: организация и проведение работ в различных сферах жизнедеятельности по оказанию социальной помощи нуждающимся
Финансы	**Финансист**: организация и осуществление деятельности финансовых, планово-экономических и налоговых служб организаций различных организационно-правовых форм, финансово-экономических служб органов государственной власти и местного самоуправления
Банковское дело	**Специалист банковского дела**: учет и контроль банковских операций по привлечению и размещению денежных средств, оказание банковских услуг клиентам в организациях кредитной системы
Экономика и бухгалтерский учет (по отраслям)	**Бухгалтер**: учет имущества и обязательств организации, проведение и оформление хозяйственных операций, обработка бухгалтерской информации, проведение расчетов с бюджетом и внебюджетными фондами, формирование бухгалтерской отчетности, налоговый учет, налоговое планирование
Гостиничный сервис	**Менеджер**: организация обслуживания в гостиницах, туристских комплексах и других средствах размещения
Организация обслуживания в общественном питании	**Менеджер**: организация обслуживания в организациях общественного питания разных типов и классов

по образовательным программам подготовки специалистов среднего звена по очной форме обучения

Специальность	Квалификация и область профессиональной работы специалиста
Реклама	**Менеджер**: организация и проведение работ по разработке и производству рекламного продукта с учетом требований заказчика
Товароведение и экспертиза качества потребительских товаров	**Товаровед- эксперт**: организация и проведение работ по товародвижению в производственных, торговых и экспертных организациях, испытательных лабораториях, органах государственного, регионального и муниципального управления
Страховое дело (по отраслям)	**Специалист страхового дела** - заключение и сопровождение договоров страхования физических и юридических лиц, оформление и сопровождение страховых случаев (урегулирование убытков) от лица и за счет страховых организаций
Техническое обслуживание и ремонт радиоэлектронной техники	**Техник**: предпродажная подготовка, обслуживание и ремонт радиоэлектронной техники, бытовой радиотелевизионной аппаратуры

по образовательным программам подготовки рабочих кадров и служащих по очной форме обучения

Профессия	Квалификация и область профессиональной работы специалиста
Агент рекламный	**Агент рекламный** - разработка, распространения и размещения всех видов рекламной продукции
Продавец, контролер-кассир	**Продавец, контролер-кассир** - продажа продовольственных и непродовольственных товаров, консультативная помощь покупателям
Социальный работник	**Социальный работник**: проведение работ по оказанию социальной помощи на дому лицам пожилого возраста, инвалидам и другим, находящимся в трудной жизненной ситуации
Контролер сберегательного банка	**Контролер (сберегательного банка) кассир**: выполнение кассовой работы, прием платежей и депозитное обслуживание в организациях кредитной системы
Делопроизводитель	**Делопроизводитель** - выполнение организационно-технических функций по документационному обеспечению деятельности учреждений, организаций, фирм разных сфер и разных форм собственности
Повар, кондитер	**Повар, кондитер** - приготовление широкого ассортимента простых и основных блюд с учетом потребностей различных категорий потребителей
Секретарь	**Секретарь** - выполнение технических функций по обеспечению и обслуживанию работы руководителя организации, связанных с подготовкой, хранением, обработкой с помощью средств организационной техники необходимой информации и доведением ее до потребителя
Сварщик (электросварочные и газосварочные работы)	**Сварщик** - сварка и резка деталей из различных сталей, цветных металлов и их сплавов, чугунов во всех пространственных положениях
Радиомеханик	**Радиомеханик** - обслуживание и ремонт радиотелевизионной аппаратуры, выполнение работ по монтажу узлов и элементов радиоэлектронной аппаратуры, регулировка и настройка аппаратуры
Токарь	**Токарь** - токарная обработка заготовок, деталей, изделий и инструментов
Фрезеровщик	**Фрезеровщик** - фрезерная обработка заготовок, деталей, изделий и инструментов

Заявления принимаются с 25 июля по 30 августа 2015 г.

К заявлению прилагаются :
1. Аттестат, сертификат о результатах ЕГЭ
2. Паспорт (копия 3 шт.)
3. Медицинская справка (Ф.086-У)
4. Копия сертификата о прививках
5. Фото 3х4 (4 штуки)
6. Приписное свидетельство (для юношей)
7. Конверты с марками (2шт.).
8. 1 пачка бумаги в приемную

Телефоны для справок:
г. Нальчик, ул. Калмыкова, 246, 73-79-49; 8-905-437-22-11; 73-62-65, 8-909-491-20-08, 73-69-18, 8-928-705-48-44.

●Гъэгу къежьапІэ

Налшык дэт 14-нэ лицейр къэзуха ГъукІакъуэ Идар илъэсищ хъуауэ Прагэ (Чехие) щоджэ. Джылахъстэней щІалэм режиссёр Іэщ Іагъэщ къыхихар. *Сурэтыр* **ФиІэпщэ Сэлихь** *трихащ.*

● Дзэлыкъуэ щІынаІъэ

Макъамэр фІыуэ зылъагъухэр

Дзэлыкъуэ къуажэ Музыкэмкіэ и школым (РДМШ) щекІуэкІащ урыс композитор Чайковский Петр къызэрелъхурэ мы гъэм илъэси 175-рэ зэрырикъум тегущыІэ макъамэ-литературэ пшыхь.

РДМШ-м и егъэджакІуэ Арзимановэ Жаннэ композиторым и гъащІэмрэ и Іэдакъэщ Іэкіхэмрэ теухуауэ къэпсэльа нэужь, сценэм щагъэзэщІащ Чайковскэм итха «Гъэм и зэманхэр» циклым хьыхь «Сабий альбом»-м щыщ пьесэхэр, «Евгений Онегин» оперэм щыщ пычыгъуэхэр, куэдыр дзэзыльэх «Лебединое озеро» балетым щыщу «Танец маленьких лебедей» зыфІищар.

Пшыхьыр ягъэдэхащ Чайковскэм и вальс, мазуркэ, полькэ къафэхэм. Музыкальнэ пьесэхэм языныкъуэхэр урыс усакІуэхэм я тхыгъэхэр дахащэу щІэту цІыкІухэм ягъэзэщІащ.

КъызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ ин хуащІащ Светловодск, Белокаменск, Сэрмакъ къуажэхэм къикІауэ пшыхьым жыдэжру хэта егъэджакІуэхэм, адэанэхэм, еджакІуэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ДжэгукІэщІэм дихьэххэр

● Футбол

Пшахъуэм футбол щыджэгунымкІэ ялп зэхьэзэхуэ Бахъсэн районым щекІуэкІащ. Узыншагъэр щрагъэфІакІуэ-зыщагъэпсэху «Джэдыкъуэ» комплексыщІэм щызэпеуащ къалэ округымрэ районымрэ я командзу 8.

КІЭУХ зэІущІэм ялп увыпІэм щыщІэбэнащ «Кушмэзыкъуей», «Кыщ-пэк 1» командхэр. Джэгур хуабжьу удэзыхьэх хъуащ. Бжыгъэр 4:1-уэ «Кушмэзыкъуейр» текІуэри, Бахъсэн районым и чемпион хъуащ.

ТекІуэныгъэ къэзыхьахэм ахъшэрэ саугъэтхэмрэ ираташ.

АБАЗЭ Лерэ,
Бахъсэн район администрацэм и пресс-Іэзэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

Къобэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэр, КъБР-м и Художникхэм я союзыр, КъБР-м и Композиторхэм я союзыр, КъБР-м и Театр лэжьакІуэхэм я союзыр, КъБР-м и Архитекторхэм я союзыр, КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзыр, Музыкэ театрыр, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрыр, ЩоджэнцІыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр, Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ музейр, Ткаченкэ А. А. и цІэр зезыхьэ музейр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармониер, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблыр, «Балкария» къэрал Іуэрыіуатэ-этнографие къэфакІуэ ансамблыр, Тэрч къэзакъэм уэрэдымрэ къафэмкіэ я Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Іуэрыіуатэ ансамблыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэлбахъуэ Т. Къу. и цІэр зезыхьэ и къэрал библиотекэр, Мечиев Казым и цІэр зезыхьэ республикэ ныбжьыщІэ библиотекэр, «Адыгэ псалъэ» газетыр, «Іуащ ъэмахуэ» журналыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ художник **Сэвкіуий Хьэмид Владимир и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Сэвкіуий ФатІимэт Бисо и пхъур** зэрылІам къыхэкІыу.

КъБР-м и Журналистхэм я союзыр Урысейм и Журналистхэм я союзым хэт, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университым рекламэмрэ тхылъ тедзэныкІэ и къудамэм и редактор **Джыранокъуэ (Дзыгъуанэ) Верэ Зэчэ и пхъум** хуогузавэ абы и анэр зэрылІам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм я ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапіэм -42-26-41; суэртехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтеуту щытхъум.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Багъэтыр Лунэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.),* ПхытІыкІ Аэзмэт *(1, 2-нэ нап.). Корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* Елмэс ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплгэр ящІащ* Доа Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецуо Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номеры «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №1098